**У Й Ғ А Р Ы Ў**

2022-жыл 17-август Нөкис қаласы

Жынаят ислери бойынша Нөкис қалалық суды, усы судтың баслығы Ш.Шамамбетовтиң басшылығында, судья жәрдемшиси Р.Джуманиязова хаткерлигинде, Нөкис қаласы прокуроры М.Тилеўмуратов, жас өспирим жәбиркештиң нызамлы ўәкили XXXXX, гүман қылыныўшы XXXXX ҳәм оның қорғаўшы адвокаты А.Утегенованың қатнасында,

Нөкис қаласы "Айдын жол" МПЖ имаратында, ашық ҳәм көшпели суд мәжилисинде Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты сәдир еткенликте гүман қылыныўшы XXXXX улының қарсысындағы XXX санлы жынаят исин көрип шықты.

Ис ҳүжжетлерине көре,

XXXXX улы, 1996-жылы 5-июнь күни Нөкис қаласында туўылған, миллети қазақ, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы жоқары, бурын судланбаған, депутатлыққа сайланбаған, наградалар алмаған, шаңарақлы, XXXX жасайды.

Суд, суд мәжилисинде гүман қылыныўшы ҳәм жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили көрсетпелерин, олардың арзаларын, прокурор ҳәм қорғаўшы адвокаттың пикирлерин тыңлап, ис материалларын изертлеп ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерди

**анықлады:**

2022-жыл 30-май күни саат 18:00 лер шамасында пуқара XXXXX улы өз басқарыўындағы, пухара XXXXX улының атында болған мәмлекетлик белгиси XXXXX болған автомашинасын жолланба хаты тийкарында Нөкис каласы М.Жуманазаров көшеси менен баскарып баратырып "МЕГА НУКУС" касындагы "БЕС КАЛА" аптекасынын касына келген уакытта Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2022 жыл 12 апрель күнги 172-санлы қарары менен тастыйкланған хамде 2022-жылы 01-май күнинен баслап күшке кирген «Жол ҳәрекети қәделери»ниң 11-бөлими «г» бәнтинде Автотранспорт айдаўшысы төмендегилерге мәжбүр: *«ҳәрекетлениў барысында айдаўшы пиядалар, әсиресе балалар, майыплар, қарыяларға ҳәмде велосипедшилерге абайлы болыў шараларын көриў керек»* деген қағыйдасын, 77-бөлим 1-бәнти «Айдаўшы ҳәрекеттиң көплигин, транспорт қуралы ҳәм жүктиң өзгешелигин ҳәмде ҳалатын, сондай-ақ, ҳәрекетлениў

жөнелисиндеги көринисти есапқа алған ҳалда транспорт қуралы тезлигин белгиленгеннен асырмастан басқарыўы керек» деп көрсетилген, 77-бөлим 2-бәнти «Тезлик айдаўшыға усы қәделер талапларын орынлаў ушын транспорт қуралының ҳәрекетин бәрқулла қадағалап барыў имканиятын бериўи керек» деп көрсетилген, 77-бөлими 3-бәнти «Ҳәрекетлениў ўақтында айдаўшы анықлай алыў имканиятында болған қәўип ямаса тосық пайда болса, ол транспорт қуралының тезлигин толық тоқтатыўын тәмийинлейтуғын дәрежеде кемейтириўи ямаса тосықты басқа ҳәрекет қатнасыўшылары ушын қәўип туўдырмаған ҳалда айланып өтиў шараларын көриўи керек» деген қағыйдаларын қопал рәўиште бузып, әмелдеги жол ҳәрекети қағыйдаларына әмел қылмастан, алдынан асфальт жолды кесип өтип атырған пияданы автотранспорт қуралының тезлигин толық тоқтатыўын тәмийинлейтуғын дәрежеде кемейттирмей, қәўиптиң алдын алыў шараларын көрместен, XXXX автомашинасынын алды тәрепи менен қагып алған. Нәтийжеде жас өспирим XXXX дене жаракатын алып емлеуханага тускен.

Өткерилген суд-медициналық экспертизасының XXXX-санлы эксперт жуўмағына көре, жас өспирпим XXXX "Бас мийиниң ашық жарақаты.Бас мийиниң аўыр дәрежели мажығыўы менен қанның сорылыўы. Бастың оң шеке бөлими пирамид бөлиминиң тийкар сүйегине хам тийкар пазухаларына өтип сызыклы сыныўы.Тийкар пазуханың Гемосинусы.Оң ийин бөлиминиң езилген жарасы. Пневмоцефалия. Бастың оң шеке-еңсе ҳәм мурын қыр бөлимлери жумсақ тоқымасының мажығыўлары көринисиндеги өмир ушын қәўипли болған "АУЫР" дәрежедеги дене жаракатын алғанлығы көрсетилген.

Өткерилген суд-автотехникалық экспертизасының 13.06.2022-жылғы XXX -санлы эксперт жуўмағына көре, мамлекетлик белгиси XXXX болған "Ласетти" маркалы автомобилиниң тормоз дизими, рол баскарыуы хам журиў бөлими техник жактан иске жарамлы халатта деп көрсетилген.

Солай етип, XXXXX улы, өзиниң жоқарыдағы жынайый ҳәрекетелери менен Өзбекстан Республикасы ЖКниң 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты қасттан толығы менен ислеген.

Суд мәжилисинде гүман қылыныўшыға Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 48-статьясында, жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкилине ЖПКниң 55,61-статьясында нәзерде тутылған ҳуқық ҳәм миннетлемелери түсиндирилген ўақытта судқа гүман қылыныўшы ҳәм жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили жынаят исин

өз-ара жарасқанлығы мүнәсибети менен өндиристен қысқартыўды сорап арза менен мүрәжат етди.

Суд мәжилисинде гүман қылыныўшы XXXXX, 2022-жыл 30-май күни саат 18:00 лер шамасында мәмлекетлик белгиси XXXXX болған автомашинасын жолланба хаты тийкарында Нөкис  каласы XXX көшеси менен баскарып баратырып “МЕГА НУКУС” касындагы “БЕС КАЛА” аптекасынын касына келген уакытта автомашинасынын алды тәрепи менен жас өспирим XXXXны қагып алған, айыбын толық мойынлайтуғынлығын, ислеген қылмысының ақыбетлерин түсинип аңлап жеткенин, жәбирлениўшиге жеткерилген зыянларды толық қаплап бергенин, ҳәзирги ўақытта жәбирлениўши ҳәм оның нызамлы ўәкили менен ҳеш кимниң басымысыз жарасып алғанлығын айтып, жынаят исин жәбирлениўшилердиң нызамлы ўәкили  менен өз-ара ықтыярый жарасқанлығы мүнәсибети менен қысқартыўды сорады.

Суд мәжилисинде жас өспирим жәбирлениўшилердиң нызамлы ўәкили XXXXX, гүман қылыныўшы XXXXX, 2022-жыл  30-май күни саат 18:00 лер шамасында Нөкис  каласы “МЕГА НУКУС” касындагы “БЕС КАЛА” аптекасынын касында қызы XXXXны қағып алганлыгын, ҳәзирги ўақытта XXXXXқа ҳеш қандай даўа-арзасы жоқ екенин, балама жеткерилген зыянларды толық қаплап бергенин, баласының ден-саўлығы жақсы екенин, исти жарасыў мүнәсибети менен қысқартыўға қарсылығы жоқлығын, жарасыў ҳаққындағы арзаны ықтыярый өз қәлеўи менен жазғанын, өзине сырттан басым болмағанлығын, жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан кейин Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 583-статьясында көрсетилген, яғный келип шығатуғын ҳуқықый ақыбетлерди түсингенлигин айтып, XXXXXтиң қарсысына топланған жынаят исин өз-ара жарасқанлығы мүнәсибети менен қысқартыўды сорады.

Суд, жарасыўдың ықтыярый екенин, оның себеплерин, гүман қылыныўшы өз айыбын ықтыярый мойынлағанын, ислеген қылмыстың ақыбетлерин аңлағанын ҳәм жеткерилген зыянларды толық қаплағанын, алдын судланбағанын, гүман қылыныўшы ҳәм жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкилине сырттан тәсир болмағанын, өз еркلери менен жарасқанын итибарға алып, гүман кылыныўшы XXXXXти Өзбекстан Республикасы ЖКниң $66^{1}$-статьясына тийкар жынайый жуўапкершиликтен азат етип, оның қарсысындағы XXXX-санлы жынаят исин ЖПКниң 84-статьясы 4-бөлимине муўапық өндиристен қысқартыўды лазым тапты.

Соның менен бирге, суд уйғарыў нызамлы күшине киргеннен соң жынаят исине қосылған гүман қылыныўшы XXXXXқа тийисли

болған XXXX-санлы айдаўшылық гүўалығы тил хат арқалы өзине арқалы қайтарып бериўди лазым табады.

Жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили XXXXға Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 583-статьясы 5-бөлимине тийкар усы жарасыў суд тәрепинен тастыйықланғаннан соң, ол усы ис бойынша ис жүритиўди қайта тиклеў ҳаққында илтимаснама бериў ҳуқықын жоғалтыўын түсиндириўди лазым табады.

Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 84-статьясы 4-бөлими ҳәм 423, 476, 582, 583, 585-586-статьяларын басшылыққа алып, суд

**уйғарды:**

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси 266-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты ислегенликте гүман кылыныўшы қатарында иске тартылған XXXXX улы Өзбекстан Республикасы ЖКниң $66^1$-статьясына тийкар жынайый жууапкершиликтен азат етилсин, оның қарсысындағы XXXX-санлы жынаят иси тәреплердиң өз-ара жарасқанлығы мүнәсибети менен ЖПКниң 84-статьясы 4-бөлимине тийкар өндиристен қысқартылсын.

Уйғарыў нызамлы күшине киргеннен соң жынаят исине қосылған гүман кылыныўшы XXXXXқа тийисли XXXX-санлы айдаўшылық гүўалығы тил хат арқалы өзине қайтарылсын.

Жәбирлениўштиң нызамлы ўәкили XXXXға усы ис бойынша ис жүритиўди қайта тиклеў жүзесинен илтимаснама бериў ҳуқықы жоғалғанлығы түсиндирилсин.

Уйғарыўға наразы тәреп 20 сутка мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртипте жеке шағым арза бериўге, прокурор жеке протест келтириўге ҳақлы.

**Басшылық етиўши** **Ш.Шамамбетов**